

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Indonésia beunghar ku kabudayaanana nu rinéka. Karinékaan éta budaya ngawengku sistem réligi, sistem organisasi kamasarakatan, sistem élmu pangaweruh, basa, kasenian, sistem pakasaban, jeung téhnologi (Koentjaraningrat, 1990, kc. 2). Ku sabab pangaruh globalisasi, kiwari kabudayaan lokal téh kadéséh ku budaya deungeun. Generasi ngora hususna leuwih mikaresep jeung leuwih mikawanoh budaya deungeun tibatan budayana sorangan. Alatan kitu, loba kénéh budaya-budaya nu aya di hiji daérah nu tangtu, anu can dipikanyaho atawa can dimangpaatkeun. Salah sahiji kabeungharan budaya nu bisa diangkat nya éta kabiasaan masarakat. Éta kabiasaan mangrupa salah sahiji cara ngaéksprésikeun ajén-ajén budaya éta masarakat, nepi ka ngadeudeul kana kabudayaan nasional salaku kabeungharan nu dipiboga ku bangsa Indonésia nu kudu diriksa sarta dimumulé. Sakabéh provinsi di Indonésia euyeub ku kabudayaan. Jawa Barat mangrupa salah sahiji provinsi di Indonésia nu beunghar ku kabudayaan tradisional, utamana dina widang kasenian. Kasenian kaasup kana salah sahiji unsur kabudayaan. Seni nya éta kakuatan atawa kamampuh jelema pikeun nyiptakeun kaéndahan sarta kaweruh. Sedengkeun kasenian minangka naon-naon anu jadi seni jelema (Danadibrata, 2009, kc. 629).

Kabupatén Sumedang nu minangka salah sahiji kabupatén di provinsi Jawa Barat miboga rupa-rupa kasenian tradisional nu mangrupa seni pintonan nu ilahar dipintonkeun dina upacara kaagamaan sarta upacara adat daérah, salah sahijina nya éta seni ajéng. Kasenian teu bisa dipisahkeun tina kahirupan masarakat, hususna masarakat Sunda. Kitu deui pikeun masarakat di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang miboga kasenian nu jadi kareueus di wewengkonna sarta mekar jadi hiji kabudayaan, nya éta seni ajéng téa. Seni ajéng asalna ti Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang. Waditra nu digunakeun dina seni ajéng bisa kapanggih di daérah séjén, nya éta koromong. Koromong nu dipaké dina seni ajéng di Désa Cipelang nya éta koromong nu

Nindia Lestari, 2016

AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kapanggih ku Embah Jagakerti nu minangka buyut Cipelang. Éta koromong kapanggih pinuh ku jangkar nalika Embah Jagakerti ngali taneuh pikeun nyieun saluran cai. Ku sabab kitu, seni ajéng di Désa Cipelang téh dibéré ngaran “Seni Jangkar Alam”.

Dina abad pertengahan, seni tradisional Jangkar Alam mindeng dipintonkeun dina acara-acara nikahan kalayan adat Sunda. Ku sabab kitu, ngaran Jangkar Alam robah jadi ajéng, nu asalna tina kecap pangajeng-ngajeng, nu hartina ngabagéakeun tamu kahormatan. Ngaran ajéng dipikawanoh ku masarakat umum nepi ka kiwari.

Seni ajéng dipintonkeun di tempat karamat, saperti sumur Cikajayaan Ujungjaya dina raraga nawu sumur atawa meresihan sumur, guar bumi jeung acara mimiti ngagarap sawah di daérah Ujungjaya, di makam Embah Buyut Jagakerti dina raraga hajat bumi Désa Cipelang, jeung dina raraga hajat bumi di makam Embah Kenjar di daérah Taman (Conggéang), sarta dina acara-acara peresmian nu sipatna tradisional.

Seni ajéng mangrupa seni pintonan nu ngadumaniskeun seni musik jeung seni tari. Pintonanana dimimitian ku ditabeuhna lagu ‘Jiro Sampak’ minangka lagu bubuka. Tuluy disusul ku nu ngaribing kalayan dipirig ku lagu-lagu nu ilahar dipaénkeun di unggal pintonanana. Seni ajéng miboga unsur magis. Éta hal bisa katitén tina mindengna nu ngaribing kasurupan. Lian ti éta ogé, unggal masarakat di dinya ngadéngé musik ajéng ditabeuh, *spontanitas* maranéhna ngibing, sabab sora ajeng geus napel pageuh dina diri masarakat.

Ku sabab seni ajéng can loba nu mikawanoh, perlu tarékah pikeun ngawanohkeun sarta ngamumulé ieu kasenian. Nu jadi sasaran pikeun ngawanohkeun ieu kasenian nya éta para siswa. Patali jeung éta hal, ajén-inajén naon waé nu nyampak dina seni ajéng bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di sakola. Salah sahijina dina pangajaran Basa Sunda ngeunaan maca artikel kabudayaan di kelas XII. Lian ti ngawanohkeun ieu kasenian, dipiharep ku ayana panalungtikan nu dilaksanakeun di Désa Cipelang ieu bisa ngarobah anggapan

jeung sikep para rumaja kana kaayaan nu leuwih hadé sarta miboga kahayang pikeun ngamumulé ieu kasenian.

Panalungtikan ngeunaan ajén budaya di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah geus kaitung loba dina wangun skripsi. Sok sanajan puseur paniténa sarua, tapi objék panalungtikanana béda. Seni ajéng saméméhna geus aya nu nalungtik ku Departemen Pendidikan Seni Tari anu judulna “Seni Ajeng dalam Upacara Guar Bumi di Desa Ujungjaya Kecamatan Ujungjaya Kabupaten Sumedang (Suciati Mahardika, taun 2009)

Ngeunaan ajén-inajén budaya anu dijadikeun tatapakan panalungtikan, anu medar masalah kesenian geus réa, di antarana: “Ajén Budaya dina Kasenian Dur Ong di Désa Cikalong Kecamatan Cikalong Wétan Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran di SMA Kelas XII” (Novianty Desita, taun 2015). “Nilai Budaya Sunda dina Kesenian Gaok di Désa Kulur Kabupatén Majalengka pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” (Ida Aridah, taun 2013). “Ajén Budaya dina Kasenian Réog Dongkol di Désa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMP Kelas IX” (Novi Rosdiani, taun 2013).

Nilik kana masalah di luhur, nu nyusun ngarasa kairut pikeun nalungtik ajén budaya dina seni ajéng di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang. Lian ti éta dina raraga ngamumulé budaya jeung kasenian nu aya di Jawa Barat, ieu kasenian perlu diinventarisir sarta dipublikasikeun sangkan loba nu mikawanoh. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Budaya dina Seni Ajéng di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA”.

1.2 Rumusan Masalah

Nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha asal-muasal seni ajéng di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang?

Nindia Lestari, 2016

AJÉN BUDAYA DINA SENI AJÉNG DI DÉSA CIPELANG KECAMATAN UJUNGJAYA KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. Kumaha prak-prakan seni ajéng di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang?
- c. Ajén budaya naon waé anu nyampak dina seni ajéng di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang?
- d. Naha seni ajéng luyu atawa henteu dipaké pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa budaya nu aya di masarakat Sunda sarta nambahan pangaweruh ngeunaan budaya nu aya di tatar Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. asal-muasal seni ajéng Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang;
- b. prak-prakan seni ajéng Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang;
- c. ajén budaya nu nyampak dina seni ajéng; sarta
- d. bahan pangajaran maca artikel budaya tina hasil panalungtikan ngeunaan seni ajéng nu dilarapkeun di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan ajén budaya dina seni ajéng, hususna dina pangajaran basa Sunda pikeun bahan ajar. Lian ti éta, ogé pikeun kaperluan panalungtikan anu

leuwih jero ngeunaan seni ajéng di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang.

1.4.2. Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat teoritis nu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan ogé dipiharep miboga mangpaat praktis, di antarana nya éta pikeun:

a. Nu Nalungtik

Ngeuyeuban pangaweruh sarta pangalaman ngeunaan seni ajéng di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang.

b. Pamaréntah

Merhatikeun sarta ngamumulé seni ajéng sangkan bisa ngirut wisatawan domestik sarta wisatawan mancanegara sangkan bisa nempo langsung pintonan seni ajéng.

c. Masarakat Umum

Méré informasi sarta ngeuyeuban pangaweruh pikeun masarakat umum sarta ngawanohkeun salah sahiji seni tradisi nu aya di Désa Cipelang Kecamatan Ujungjaya Kabupatén Sumedang utamana seni ajéng.

d. Pangajaran

Ieu panalungtikan bisa digunakeun pikeun nambahan pangaweruh dina mekarkeun bahan ajar ngeunaan bahasan budaya.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nya éta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV jeung Bab V.

Bab I. Medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II. Ieu bab eusina mangrupa kajian pustaka ngeunaan hal-hal anu patalina jeung masalah panalungtikan, ti mimiti wangenan kabudayaan, wujud

kabudayaan, unsur-unsur kebudayaan, sarta nu aya patalina jeung panalungtikan nya éta ngeunaan seni ajéng.

Bab III. Medar ngeunaan métode panalungtikan nu digunakeun dina panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, partisipan jeung tempat panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV. Eusina mangrupa analisis data nu patalina jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan sarta pedaran hasil analisis nu dipatalikeun jeung tiori.

Bab V. Eusina mangrupa kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi .